

Deklarasyon ki fèt nan lane 1789 sou Dwa Moun ak Dwa Sitwayen

Reprezantan pèp fransè a ki fòme Asanble Nasyonal la kwè se iyorans, oubli ak mepri Dwa Moun ki lakòz malè piblik ak koripsyon nan Gouvènman yo. Ki fè nou deside pwoklame, nan yon deklarasyon solanèl, Dwa Moun ki sakre e ke yo p ap janm ka wete. Objektif nou se prezante deklarasyon sa a devan tout klas sosyal sosyete a pou n raple yo dwa yo ak responsabilite yo, pou pouvwa egzekitif ak lejislatif la toujou aji selon prensip enkontounab sa yo epi pou sitwayen yo ka sèvi ak prensip sa yo pou defann Konstitisyon an ansanm ak byennèt tout moun.

Se pou sa Asanble Nasyonal la rekonèt epi deklare, an prezans e an ba otorite Èt siprèm la, atik sa yo sou Dwa Moun ak Sitwayen :

Atik 1

Tout moun fèt lib epi yo dwe ret lib e yo tout dwe gen menm dwa devan lalwa. Diferans ant klas sosyal ka egziste sèlman si yo sèvi byennèt tout moun

Atik 2

Objektif tout asosyasyon politik se pwoteje dwa sa yo ki fondal natal pou tout moun depi lè yo fèt e ke pyès moun pa janm dwe pèdi. Dwa sa yo se : libète, pwopriyete, sekirite ansanm ak rezistans kont gwojemoni.

Atik 3

Pèp la se premye sous tout pouvwa politik. Pa gen pyès gwoup, pyès enstitisyon, pyès moun ki gen dwa egzèsè okenn otorite si otorite sa a pa soti nan volonte pèp la.

Atik 4

Libète se dwa yon moun genyen pou l fè tout sa ki p ap nui lòt moun. Kon sa, sèl limit ki genyen pou chak moun egzèses dwa natirèl li se limit ki nesèsè pou garanti lòt manm sosyete a jwi menm dwa sa yo. Se lalwa sèlman ki ka detèmine limit sa yo.

Atik 5

Sèl dwa ki gen nan lalwa se dwa pou l entèdi zak ki nui sosyete a. Yo pa ka anpeche pyès moun fè sa lalwa pa entèdi. Yo pa ka fòse pyès moun fè sa lalwa pa mande.

Atik 6

Lalwa se espresyon volonte jeneral pèp la. Tout sitwayen gen dwa patisipe nan ekri lwa yo — swa nan patisipasyon dirèk yo, swa nan entèmedyè reprezantan yo. Lalwa dwe bay menm règleman pou tout moun — kit se pou pwoteksyon, kit se pou pinisyon. Menm jan an tou, tout sitwayen, paske yo egal devan lalwa, dwe gen menm dwa pou jwenn fonksyon piblik, pòs nan sèvis leta ak lòt travay piblik, dapre kapasite yo, san okenn lòt kritè ki pa gen anyen pou wè ak kalite moral yo e ak talan yo.

Atik 7

Otorite yo pa gen dwa akize, arete oswa kenbe pyès moun nan prizon sof nan sikonstans lalwa defini epi sa dwe fèt selon pwosedi lalwa tabli. Dwe gen pinisyon pou sila yo ki mande, transmèt, egzekite oswa fè egzekite kòmann ilegal an gwo ponyèt. Men, tout moun yo entèpele oswa arete selon lalwa dwe obeye tou suit ; si li fè rezistans, lajistis ap konsidere l kòm koupab.

Atik 8

Lalwa dwe prevwa sèlman pinisyon ki vrèman nesèsè. Lajistis pa dwe pini okenn moun pou yon zak si pa t gen yon lwa ki te deja ekri e pwoklame ki te entèdi zak sa a anvan li te fèt.

Atik 9

Lajistis dwe konsidere tout moun kòm inosan jis yo deklare li koupab. Menm lè otorite yo arete yon moun, yo pa gen dwa maltrete li oswa fè li sibi soufrans ki pa nesèsè pou fè arestasyon an oswa pou kenbe moun lan an detansyon.

Atik 10

Chak moun gen dwa esprime opinyon pa li, menm nan kestyon relijyon. Otorite yo pa gen dwa pini oswa nui yon moun akòz opinyon li. Sèl limit la se lè fason moun nan esprime opinyon li ta vyole lòd piblik lalwa pwoteje.

Atik 11

Chak moun gen dwa eksprime lide li ak opinyon li. Libète sa a se yon dwa fondamantal. Ki donk, tout sitwayen ka pale, ekri e pibliye lib e libè, sof si li sèvi ak libète sa a yon fason lalwa defini kòm yon abi.

Atik 12

Fòk gen yon fòs piblik pou garanti Dwa Moun ak Dwa Sitwayen. Fòs sila a se pou avantaj tout moun — se pa pou avantaj moun sa yo ke lalwa bay otorite sa a.

Atik 13

Fòs piblik la bezwen lajan pou l fonksyone. Ki donk li nesesè pou gen yon taks pou kouvri depans fonksyonman ak administrasyon fòs la. Tout sitwayen dwe kontribye nan frè sa yo dapre mwayen yo chak genyen. Moun ki gen plis resous dwe peye pi plis pase moun ki gen mwens resous.

Atik 14

Tout sitwayen gen dwa — swa dirèkteman, swa atravè reprezantan pa yo — pou yo fè pwòp konsta yo sou nesesite taks piblik, pou yo aksepte taks yo yo an tout libète, pou yo suiv ki jan taks la sèvi e pou yo deside nivo taks la, fason yo kalkile li, fason yo ranmase li ak konbyen tan li dwe dire.

Atik 15

Sosyete a gen dwa mande nenpòt fonksyonè nan nenpòt pòs piblik pou li rann kont sou fason li jere fonksyon li.

Atik 16

Yon sosyete ki pa garanti Dwa Moun ak Dwa Sitwayen e ki pa detèmine separasyon pouvwa yo pa gen konstitisyon tout bon.

Atik 17

Kòm dwa pwopriyete se yon dwa fondamantal ki sakre (egal : yo pa ka vyole dwa sa a), yo pa ka wete pwopriyete okenn moun nan men li, sof si se ta pou yon byen piblik ki klè epi lalwa rekonèt nesesite sa a. Nan ka nesesite sa yo, fòk leta peye yon dedomajman kòm sa dwa, anvan li pran pwopriyete a.

Bibliyografi

Vèsyon franse ak angle deklarasyon an :

- [*La déclaration des droits de l'homme et du citoyen*](#) (sou sit Élisée).
- [*The Declaration of the Rights of Man and of the Citizen*](#) (sou sit Élisée).